buleen ma jay kem ni Nasaraan yi jaye woon doomu Maryama; man daal ab jaamam laa, kon deeleen wax: jaamub Yàlla ak ndawam

Jële nañu ci Umar Ibnul Xattaab -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : dégg naa Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «buleen ma jay kem ni Nasaraan yi jaye woon doomu Maryama; man daal ab jaamam laa, kon deeleen wax: jaamub Yàlla ak ndawam».

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónent bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day tere ëppal ak jéggi dayob Sariiha ci tagg ko ak di ko melal ay meloy Yàlla mu kawe mi ak i jëfam ya mu jagoo, walla ne dafa xam kumpa, walla di ko boole ak Yàlla ci ñaan, kem ni ko Nasaraan yi defe ci Iisaa doomu Maryama -yal na ko Yàlla dolli jàmm-. Topp mu leeral ne moom jaam la ci jaami Yàlla yi, mu digle ne nañuy wax ci moom ne: jaamub Yàlla la ak ndawam.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3406